**दिन– गुरूवार** **दिनांक–19.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सीवान जिलाक जसौली मे आयोजित समारोहक दरमियान प्रदेशक विभिन्न योजना सभक शिलान्यास आ लोकापर्ण करताह। श्री मोदी वीडियो कांफ्रेस के माध्यम सँ मढ़ौरा रेल इंजन कारखाना मे बनल डिजल इंजनक निर्यात के पहिल खेप दक्षिण अफ्रीकी देश गिनी के लेल विदा करताह। संगहि पटना आ गोरखपुरक मध्य वंदेभारत एक्सप्रेस ट्रेनक परिचालनक शुभारंभ करताह। ई ट्रेन उत्तर प्रदेशक गोरखपुर सँ बगहा, नरकटियागंज, मोतिहारी, मुजफ्फरपुर, हाजीपुरक रस्ते पाटलिपुत्र धरि चलत। समस्तीपुर रेलमंडलक प्रबंधक विनय श्रीवास्तव जनौलनि जे पंचरूखी मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान प्रधानमंत्री एहि ट्रेन के हरियर झंडी देखौताह एम्हर, जसौली मे प्रधानमंत्रीक सभाक तैयारी के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के देखैत सुरक्षा–व्यवस्था कड़गर कऽ देल गेल अछि। सीवान, गोपालगंज आ सारण सहित लऽग पासक जिला सभ मे सेहो सुरक्षा–व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि।

---

भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता आ राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनावज हुसैन कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक बिहार आगमन सँ राज्य मे विकासक गति आओर तेज होयत। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्रीक दौरा के लऽकऽ महागठबंधनक नेता सभ मे घबराहट अछि। ओतहि, लोजपा रामविलास के प्रमुख आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि जे प्रधानमंत्री अपन दौराक दरमियान बिहार के कतेको सौगात देताह, जाहि सँ बिहार के विकसित बनेबाक प्रयास के बल भेटत। एम्हर, राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे बिहार मे चुनाव अछि एहि लेल एनडीए नेता सभक आयब–जायब लागल रहत। ओ आरोप लगौलनि जे आवश्यकता के समय बिहार के किछुओ नहि भेटत।

---

राज्य मे विधानसभा चुनाव के लऽकऽ सियासी सरगर्मी बढ़ि गेल अछि। एनडीए आ महागठबंधनक नेता सभक दिस सँ दावा आ प्रतिदावा कयल जा रहल अछि। जदयूक वरिष्ठ नेता आ ग्रामीण कार्य मंत्री अशोक चौधरी कहलनि जे एनडीएक पांचो दल पूरा एकजुटताक

संग मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के नेतृत्व मे चुनाव लड़त। एम्हर, कांग्रेसक प्रदेश प्रभारी कृष्णा अल्लावरू कहलनि जे महागठबंधनक सभ दल एकजुट अछि आ सभ दू सय तैंतालीस सीट पर गठबंधन प्रत्याशी सभक जीतक लेल काज करत।

---

राष्ट्रीय जनता दल पार्टीक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव के मुख्यमंत्री बनेबाक लेल एकजुटताक संग कार्य करबाक संकल्प पारित कयलक अछि। पार्टीक राज्य परिषदक आइ पटनाक ज्ञान भवन मे भेल बैसक मे एहि विषय के लऽकऽ सर्वसम्मति देखायल। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष लालू प्रसाद के अध्यक्षता मे आयोजित बैसक मे संगठन के मजगूत बनेबा आ आगामी विधानसभा चुनावक रणनीति के लऽकऽ चर्चा कयल गेल। एहि सँ पूर्व नव निर्वाचित प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल के अध्यक्ष पद निर्वाचन के प्रमाणपत्र सौपल गेल। बैसक मे विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह।

---

प्रवर्तन निदेशालयक टीम नीट, एमबीबीएस प्रवेश परीक्षा पेपर लीक मामिला मे आइ पटना आ रांची सहित कतेको स्थान पर छापेमारी कऽ रहल अछि। आधिकारिक सूत्र सभ जनौलक जे एहि मामिलाक मास्टर माइंड सजीव मुखिया आ आन लोक सभ सँ जुड़ल परिसर सभ पर छापेमारी कयल जा रहल अछि। पछिला वर्ष बिहार पुलिसक आर्थिक अपराध इकाई नीट एमबीबीएस परीक्षा पेपर लीकक खुलासा कयने छल। जांच मे ई तथ्य सोझा आयल जे सजीव मुखिया एक अंतरराज्यीय संगठित गिरोहक माध्यमे कतेको प्रतियोगी परीक्षा सभक प्रश्नपत्र लीक करबा मे सेहो सम्मिलित छल। ध्यातव्य अछि जे एहि वर्ष अप्रील मे बिहार पुलिस ओकरा गिरफ्तार कयने छल। एम्हर ईडी सिपाही भर्ती परीक्षा पेपर लीक मामिलाक मुख्य अभियुक्त सतेन्द्र यदुवेंदु के पटनाक दानापुर स्थित फ्लैट के सील कऽ देलक अछि।

---

दक्षिण– पश्चिम मॉनसून प्रदेशक अधिकतर भाग मे बढ़ैत प्रभाव सँ राज्यक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग मे अनेक स्थान पर मध्यम वर्षा दर्ज कयल गेल। एहि दरमियान कतेको ठाम मेघगर्जन आ वज्रपातक सेहो खबरि अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला दू दिनक भीतर पूरा प्रदेश मे मॉनसूनी वर्षाक क्रम आरंभ भऽ जायत।

—————————————————————————————————————

मधुबनीक पुलिस अधीक्षक योगेन्द्र कुमार आइ खुटौना थानाक औचक निरीक्षण करबा के दरमियान पुलिस पदाधिकारी के सभ लम्बित मामिला के शीघ्र निष्पादनक निर्देश देलनि।

—————————————————————————————————————

समाप्त